



Pou Piblikasyon Imedya: 09/21/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$2.5 MILYON POU BOMB SQUADS AK EKIP CANINE
DETEKSYON EKSPLOZIV**

\$2 milyon ki pral itilize pa squad lokal yo pou achte ekipman ki nesèsè, patisipe nan fòmasyon avanse, epi patisipe nan egzèsis fòmasyon

\$500,000 te afekte a 14 ajans lapolis lokal nan Eta New York pou devlope oswa kenbe Ekip Deteksyon Eksploziv Canine

Gouvènè Andrew Cuomo jodia te anonse \$2 milyon nan sibvansyon finansman federal Homeland Security a 12 ekip bomb squads lokal, akredite FBI nan eta pou soutni ak amelyore kapasite yo. Sa a make 10^{yèm} ane youn dèyè lòt ke Eta New York te bay fon sekirite angaje federal homeland security a ekip bomb squads lokal yo, avèk plis pase \$15 milyon depi kreyasyon l.

"Pwoteksyon ak sekirite tout Nouyòkè yo se premye priyorite nou, e finansman sa a ap ede ajans kap fè respekte lalwa yo pou yo pare epi ekipe pou sa kap vini sou wout yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ofisye sa yo alavangad e avèk sibvansyon sa yo, nou ka ede asire ke yo genyen sa yo bezwen lè yo konfronte avèk sitiyasyon danjere enkwayab."

Komisyone Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans John Melville te deklare,

"Finansman sibvansyon sa a reyèlman enpòtan pou ajans lapolis lokal yo fòtifye preparasyon ak kapasite repons yo e li pral bay Bomb Squads sètifye yo ki nan eta zouti yo bezwen pou ede detekte komsadwa, idantifye epi elimine an tout sekirite aparèy eksploziv yo."

Kòm yon kondisyon nan finansman sa a, squads yo gen obligasyon pou travay ansanm rejonanman (baze sou rejyon FBI yo) pou egzamine kapasite pwen fò yo ak eka

ansanm avèk pou devlope yon plan depans rejyonal pou fon sa yo. Squads yo nan chak rejyon dwe rive jwenn yon konsansis sou plan depans respektif yo pou asire ke fon sa yo te itilize nan fason ki pi efisyen ak efikas posib. Repatisyon finansman pa rejyon FBI anba:

Rejyon	Bomb squads	Ane Fiskal 2015 Konpozan Alokasyon	Ane Fiskal 2015 Alokasyon
Rejyon Downstate New York	Konte Nassau	\$218,180	\$1.300.000
	Vil New York	\$463,360	
	Konte Rockland	\$109,000	
	Konte Suffolk	\$219,176	
	Konte Westchester	\$290,284	
	Total	\$1.300.000	
Rejyon Sant New York:	Vilaj Endicott	\$103,304	\$285,000
	Konte Onondaga	\$86,696	
	Vil Syracuse	\$95.000	
	Total	\$285,000	
Rejyon Lwès New York	Konte Chautauqua	\$103,750	\$415,000
	Konte Erie	\$103,750	
	Konte Monroe	\$103,750	
	Vil Rochester	\$103,750	
	Total	\$415,000	
Total		\$2,000,000	\$2,000,000

Eta ap afekte tou \$500,000 a 14 ajans lapolis lokal nan New York pou devlope oswa kenbe Ekp Canine Deteksyon Eksploziv. Sa a make 7^{yèm} ane youn dèyè lòt ke New York te bay finansman federal sekirite enteryè pou bati epi kenbe ekip deteksyon eksploziv canine yo; yo te atribye plis pase \$3 milyon pou sipòte pwogram sa a depi kreyasyon l.

Ekip Kanine Deteksyon Eksploziv bay yon faktè vizib, pwoaktif nan zòn ki gen risk elve yo, tankou aktivite rasanbleman mès ak sit enfrastrikti enpòtan yo. Ajans lapolis lokal yo te gen obligasyon pou fè konpetisyon pou fon sa a e yo pat ka mande fon pou swa devlope yon nouvo ekip oswa pou sipòte yon ekip ki egziste deja. Repatisyon finansman pa jiridiksyon anba:

Benefisyè	Patenarya Rejyonal	Kantite lajan
Nivo 1: Devlope yon ekip		
Konte Orange		\$60.000
Vil New York (NYPD)		\$60.000
Konte Monroe		\$60.000
Vil Utica		\$57,000
Konte Albany		\$60.000
Vil Troy		\$59,950
Nivo 2: Soutni / Amelyore yon Ekip		
Konte Madison	Konte Cortland ak Chenango	\$20,000
Vil New York (NYPD)		\$20,000
Konte Monroe		\$20,000

Vil Rochester		\$19,700
Konte Chautauqua	Konte Cattaraugus	\$20,000
Konte Suffolk		\$19,711
Vil Troy		\$18,600
Vil Saugerties PD *	Konte Ulster ak Green; Vil Kingston	\$5,039

*Finansman pasyèl

Pou plis sipòte kominote bomb squad eta, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans te òganize “Senpozyòm anyèl Bomb Squad” kap pote ansanm teknisyen lokal, eta, federal ak entènasyonal pou pataje enfòmasyon, leson ke yo te aprann, ak pi bon pratik yo. Eta New York [pa twò lontan de sa te anonse](#) “Excelsior Challenge” nan Sant Preparasyon Fòmasyon Eta nan Oriskany, NY. “Excelsior Challenge,” te devlope an konjonksyon avèk Sant Nasyonal pou Sekirite ak Preparasyon, fèt pou amelyore kowòdinasyon ak entegrasyon pami bomb squads yo, ekip kanine, ak ekip taktik.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Lè li kesyon pou pwoteje New York kont teworis, nou dwe sevè, entelijan ak prepare. Investisman federal Depatman Sekirite Enteryè sa pou bomb squads ak ekip canine pral bay fòs lapolis lokal sa yo ekipman ak fòmasyon yo bezwen pou kenbe nou ansekirite. Asire ke fason gason ak fi brav sa yo— e menm ekip canine yo— ki travay nan ajans lokal yo gen resous yo bezwen pou kontinye travay enpòtan yo pral toujou yon pi gwo priyorite pou mwen.”

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te bay finansman enpòtan sa pou bomb squads FBI lokal nou yo. Finansman adisyonal la pral asire ke premye sekouris nou yo ap genyen bon jan kalite fòmasyon ak ekipman ki disponib pou sovgade kominote lokal nou yo pandan tan ijans.”

Depite Eliot Engel te deklare, “Antanke Nouyòkè, nou tout vivman okouran sou kijan il enpòtan pou ajans lapolis lokal nou yo gen bon jan kalite resous ak finansman pou inisyativ homeland security,” te deklare Depite Eliot Engel. “Gason ak fi brav nou yo nan inite lokal bomb squad, ansanm avèk patnè canine yo, se pami sèten sèvant piblik ki pi brav ozalantou. Yo riske lavi yo chak fwa ke yo rele yo nan sèvis, e ewoyis yo merite alafwa rekonesans nou ak sipò gouvènman an. Mwen kontan dèske fon federal sa yo te atribye yon fwa ankò a Eta New York, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou

angajman kontinyèl san relach li pou sekirite nou.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “Grasa fòmasyon pou ekip repons ijans ki esansyèl pou prepare pou evènman katastwofik, patikilyèman nan New York. Mwen kontan paske Westchester ak Rockland pral resevwa preske \$400,000 nan finansman federal pou amelyore kapasite ekip bomb squad yo, ki sove lavi. Mwen pral kontinye travay kòm yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon chanm lan pou asire ke premye sekouris nou yo jwenn resous yo bezwen pou kenbe kominote nou yo pwoteje ak ansekirite .”

Depite José E. Serrano te deklare, “Sa te fè 14 ane depi 11 septanm, men asire sekirite Nouyòkè yo rete osi enpòtan pase anvan. Finansman federal enpòtan sa a pral ede ranfòse sekirite NYC ak kapasite pou reponn a posib atak teworis oswa lòt menas sekirite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te kontinye mete aksan sou domèn enpòtan sa a,” te deklare Depite Serrano.

Depite Peter King te deklare, “Antanke premye sib teroris entènasyonal, sekirite New York esansyèl. Finansman sa pral fè yon wout long pou ranfòse defans nou ak preparasyon.”

Depite Carolyn B. Maloney te deklare, “New York dwe prepare pou nenpòt menas, kidonk investisman federal sa a nan ekip kanine deteksyon eksploziv ak bomb squads nou yo esansyèl. Sibvansyon sa yo pral kenbe Nouyòkè yo ansekirite nan asire ke premye sekouris nou yo – imen ak canine – gen fòmasyon yo bezwen an. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou efò kontinyèl pou asire ke New York gen pi bon premye sekouris, e mwen pral kontinye sipòte finansman federal la pou ede nan efò sa.”

Depite Gregory W. Meeks te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te priyorize sekirite piblik ak pwoteksyon nan Long Island ak Vil New York ak Eta. Avèk sibvansyon sa yo, òganizasyon kap fè respekte lalwa nou yo pral amelyore kapasite yo pou detekte epi dezamòse aparèy eksploziv yo. Mwen kanpe avèk Gouvènè Cuomo pou fè ri ak kominote nou yo vin pi ansekirite epi san laterè.”

Depite. Joe Crowley te deklare, “pa gen dout ke investisman federal sa yo esansyèl nan efò preparasyon ijans ankou New York. Priyorite nimewo en nou se pou asire sekirite chak Nouyòkè e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou wòl li nan asire ke ajans kap fè respekte lalwa yo jwenn resous yo bezwen pou kontinye reponn efikasan a nenpòt menas pou sekirite nou.”

Depite Steve Israel te deklare, “Nan yon tan kote peyi nou an sou yon gwo alèt pou

atak terè, li enpòtan ke bomb squads ak ekip kanine nou yo gen finansman robis pou fòme epi achte ekipman ki ka sove lavi. Resous federal sa yo pral ede premye sekouris yo nan Konte Nassau ak Suffolk kontinye travay pou kenbe kominote ak rezidan nou yo ansekrite ak pwoteje.”

Depite Brian Higgins, yon manm nan Komite Chanm lan sou Sekirite Enteryè, te deklare, “Lè nou pwoteje kominote nou yo, premye sekouris yo ki jwenn kredi raman pou sa ki pa rive, men bezwen pou prepare lè yon bagay fèt li toujou osi kritik. Finansman federal sa a ki soti nan Depatman Sekirite Enteryè pral ede prepare epi fòme premye sekouris brav New York yo pou detekte menas danje epi asire sekirite Nouyòkè yo.”

Depite Paul Tonko te deklare, “Ekip Deteksyon Eksploziv Canine toupatou nan eta enpòtan pou sekirite ak pwoteksyon tout Nouyòkè yo. Finansman sa a ap asire ke ekip yo ap resevwa finansman ki esansyèl ak fòmasyon yo bezwen pou efikasman pwoteje kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt bezwen pou fon sa yo nan Capital Region, e map rete tann pou m travay avèk biwo li a pou asire ke bezwen sa yo kontinye satisfè.”

Depite Richard Hanna te deklare, “Finansman sa a pral ede kominote lokal nou yo nan Vilaj Endicott, Vil Utica, e nan konte Madison, Chenango ak Cortland prepare premye sekouris yo pou yo pare pou aji lè yon sityasyon ijans ta parèt. Eta New York pral kontinye alatèt peyi a nan preparasyon ijans epi asire ke premye sekouris nou yo gen fòmasyon avanse ak ekipman amelyore ala dispozisyon yo.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Investisman sa a pou Westchester pral sipòte gason ak fi brav yo ki te riske lavi yo pou kenbe nou ansekirite epi ba yo zouti yo bezwen pou fè travay yo. Sa a se yon etap enpòtan pou pwoteje epi sèvi kominote nou yo nan pi bon fason ke nou kapab, epi bay fanmi yo nan Hudson Valley lapè despri pou viv ansekirite epi avèk kè kontan.”

Depite Etazini. Grace Meng te deklare, “Li enpòtan pou bomb squads ak ekip canine yo toupatou nan eta nou an resevwa lajan yo bezwen. Fon enpòtan sa yo pral fè yon wout long nan direksyon pou ede avèk operasyon yo, fòme ak lòt depans, e lajan an pral asire ke ajans yo kap fè respekte lalwa jwenn resous yo bezwen pou kenbe piblik la ansekirite. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans.”

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, “Nouyòkè yo ap viv chak jou avèk menas teworis reyèl, e li enpòtan ke nou ame ajans lokal nou yo kap fè respekte lalwa avèk zouti ak fòmasyon avanse yo bezwen pou prepare epi anpeche yon atak. Mwen kontan

paske gouvènman federal la ap kontinye envesti nan sekirite distri nou yo ak eta, e mwen pral kontinye travay pou asire ke yo prepare plènman pou pwoteje moun ke nou sèvi yo.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Avèk menas teworis kap ogmante ak atak lou solitè yo nan Etazini, nou dwe pi byen prepare ak vijilan. Finansman sa pral fè yon wout long nan asire ke Bomb Squads New York ak Ekip Canine yo gen aksè a resous ak fòmasyon yo bezwen pou kenbe nou tout ansekirite. Youn nan premye priyorite m nan Kongrè a se pou pwoteje enterè Etazini lokal ak aletranje e mwen fyè dèske mwen fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo sou inisyativ sa a.”

Depite Dan Donovan te deklare, "Semèn pase nan New York Post, mwen te ekri ke kounye a se pa moman pou renonse nan vijilans nou kont teworis. Vil New York rete pi gwo sib, e nou dwe kontinye fè investisman pou pwoteje kont atak. Mèsi a Sekretè Johnson ak Gouvènè Cuomo pou alokasyon enpòtan sa a."

SPTC te egalman youn nan kat sit dakèy nasyonalman pou 2015 Raven’s Challenge nan mwa jen an, sa ki te yon egzèsis ki te fèt pou ogmante kowòdinasyon ant Sekirite Piblik Bomb Squads ak Inite eliminasyon minisyon eksploziv militè.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Entèwoperab ak Kominikasyon Ijans -- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, ak rekipere kont teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES on Twitter](#), oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418